



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU ENSKRI KÒM DONATÈ ÒGÀN NAN JOUNEN BLE E VÈT DON LAVI A

*Yo dwe limen moniman Eta a yo Ble ak Vèt an rekonesans ak Jounen Ble e Vèt Don Lavi a*

*Gen plis pase 6,6 milyon moun New York ki te enskri nan rejis Don Lavi Eta a kòm dontè ògàn*

*Gen prèske 9,000 Nouyòkè k'ap tann yon transplantasyon ki ka sove lavi yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje Nouyòkè yo pou yo vin donatè ògàn ak tisi lè yo rantre nan Rejis Don Lavi (Donate Life Registry) NYS la pandan gen prèske 9,000 Nouyòkè k'ap tann yon transplantasyon ki ka sove lavi yo An rekonesans ak [Jounen Ble e Vèt Don Lavi a](#) (Donate Life Blue and Green Day) vandredi 16 avril la, yo pral limen moniman yo atravè eta a ble ak vèt.

"Chak lavi presye, e pandan ke pandemi COVID-19 la mennen nan pèt inimajinab, li te moutre tou jantiyès ak jenewozite Nouyòkè ki te te pran mezi pou sove lavi anpil moun". **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vin yon donatè ògàn ak tisi pa sèlman moutre jantiyès, men li sove lavi e li bay moun k ap tann yon transplantasyon yon chans renouvle nan lavi a. Nou rekonèt Mwa Don Lavi a ak patikilyèman Jounen Ble ak Vèt kanpe an solidarite ak dè milye Nouyòkè ki toujou ap tann yon transplantasyon ògàn."

Moniman yo k ap limen yo gen ladan:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman Administrasyon H. Carl McCall SUNY
- Batiman Depatman Edikasyon Eta New York la
- Batiman Biwo Alfred E. Smith State (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta New York - Pòt Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Niagara Falls
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a

Nouyòkè yo ka ogmante konsyantizasyon ak motive lòt moun pou enskri kòm donatè ògàn lè yo abiye ble ak vèt nan dat 16 avril ak lè yo sèvi avèk hashtag #BlueGreenDay ak #DonateLifeMonth yo sou platfòm rezo sosyal yo. Nan lespri jounen an, anplwaye DMV NYS pral abiye an ble ak vèt nan vandredi.

Gen plis pase 8.700 Nouyòkè ki pami 107.587 Ameriken yo ki aktyèlman ap tann yon transplantasyon ògàn, selon Rezo pou Akizisyon ak Transplantasyon Ògàn (Organ Procurement and Transplant Network, OPTN) Ameriken an. Anplis de sa, prèske 600 Nouyòkè te mouri ane pase a paske ògàn yo te bezwen an pa te disponib alè, selon OPTN. Dapre administrasyon federal Resous Sante ak Sèvis (Health Resources and Services Administration), nasyonanman, gen 17 moun chak jou ki mouri pandan ke yo ap tann yon transplantasyon ki koresponn. Chak nèf minit, yo ajoute yon moun nan lis datant lan, men yon sèl donatè ka sove jiska uit lavi epi geri jiska 75 atravè don tisi ak don kòne. Nenpòt New Yorkè ki gen 16 ane oswa plis elijib pou enskri nan Rejis la. Kounye a, gen 43 pousan rezidan Eta New York ki elijib yo ki enskri pou yo vin donatè ògàn nan Rejis la.

Nouyòkè yo ka enskri nan Rejis Don Lavi Eta New York la atravè sitwèb sa yo:

- Sit wèb Rejis Bay Lavi Eta New York - [www.donatelife.ny.gov](http://www.donatelife.ny.gov)
- Sitwèb Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la - [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov)

An konfòmite avèk "Lwa Lauren an", Kliyan DMV yo ka kontinye enskri tou kòm donatè ògàn nan ranpli seksyon don nan aplikasyon pèmi kondui yo oswa nan aplikasyon pou renouvèlman ID ki pa pou chofè yo. Yo rele lwa a Lauren Shields, yon rezidan Konte Rockland ki te resevwa yon transplantasyon kè ki sove lavi li pandan li gen 9 ane. Nouyòkè ki enskri pou vote yo ka rantre nan Rejis la lè yo ranpli seksyon sa a nan fòmilè enskripsyon elektè a oswa lè yo ranpli fòmilè sou entènè nan <https://www.elections.ny.gov/NYSBOE/download/voting/voteregform-eng-fillable.pdf>. Nouyòkè k'ap chèche asirans sante atravè [Espas Mache Asirans pou Sante nan Eta New York](#) (NY State of Health Insurance Marketplace) ka enskri nan Rejis la tou.

DMV ofri tou yon plak lisans pèsonalize Donate Life pou sansibilize ak sipòte rechèch kritik. Lè yon konsomatè kòmande plak la, gen 20 dola frè anyèl ki vèsè bay "Life Pass It On Trust Fund" (Fon de Konfyans Life Pass It On), ke yo itilize pou don ògàn ak rechèch grèf ak pwogram edikatif pou fè pwomosyon don ògàn ak tisi. Ou kapab kòmande plak sou sit entènèt DMV a nan <https://dmv.ny.gov/plates/life-pass-it>.

Apati 2020, yo te ajoute Life Pass It On Trust Fund (Fon Konfyans Life Pass It On) lan nan kòz charitab pou Nouyòkè yo ka kontribye lè y ap ranpli taks sou revni pèsònèl yo. Lajan ki nan fon sa a itilize pou sipòte edikasyon ak rechèch ki gen rapò ak donasyon ak transplantasyon ansanm operasyon Rejis Don Lavi NYS la.

Gouvènè Cuomo te siyen yon Dekrè Egzekitif an 2017 ki te bay priyorite pou ogmante kantite donatè ògàn ki anrejistre yo, pandan li envite Depatman Sante Eta a pou travay avèk tout ajans yo nan eta a, Donate Life NYS ak lòt patnè, pou bay piblik la opòtinite adisyonèl pou enskri kòm donatè ògàn atravè Rejis Bay Lavi nan Eta New York la. Nouyòkè yo gen opsyon tou pou yo vin donatè ògàn lè y ap aplike pou divès lisans oswa sètifika nan Depatman Deta (Department of State, DOT), ansanm ak Depatman Sante (Department of Health, DOH). Nouyòkè yo ka vin yon donatè ògàn tou atravè [Espas Mache Plan Sante Ofisyèl Sante Eta New York la](#) (New York State of Health Official Health Plan Marketplace) lè y ap aplike pou asirans sante.

**Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare,** "Batay nou kont COVID-19 te anseye nou kijan lavi reyèlman enpòtan e desizyon pou vin yon donatè ògàn se vrèman youn nan desizyon ki pi enpòtan ak yon desizyon dezenterese yon moun ka pran. Mèsi a Gouvènè Cuomo ak yon kolaborasyon kontinyèl pami ajans eta yo ak patnè nou yo nan kominote don ògàn yo, n ap travay aktivman pou ogmante kantite donatè ògàn nan Eta New York la".

**Komisè Depatman Veyikil ak Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a, Mark J.F. Schroeder te deklare,** "Pandemi an te gen yon enpak dramatik sou tout aspè nan sistèm swen sante a, ki gen ladan don ògàn, e gen yon ogmantasyon bezwe pou plis donatè. Jounen Ble ak Vèt sèvi kòm yon rapèl sou dè milye Nouyòkè k ap tann yon transplantasyon pou sove lavi yo. DMV fyè pou l klere yon limyè sou kòz enpòtan sa a e sèvi kòm yon mwayen pou donatè potansyèl yo rantre nan rejis la. Anplwaye nou yo pral abiye an ble ak vèt pou montre sipò nou".

**Direktè Egzekitif Donate Life nan Eta New York la Aisha Tator te deklare,** "New York se yon kominote ki gen jenewozite. Atravè don ògàn ak tisi, tout Nouyòkè yo gen pouvwa pou bay moun ki nan bezwen espwa ak pou sove ak amelyore lavi. Nou rekonesan pou patenarya nou yo avèk Gouvènè a, Depatman Sante a, ak Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) ak Lejislati a, yo tout travay pou ankouraje enskri nan [Rejis Don Lavi Eta New York](#) nan kad Jounen Ble ak Vèt la e pandan tout ane a".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)